Ассаламу гІалайкум!

# ЦІумадисезул гъаракь

Голос Цумады

2017 соналъул
17 ноябрь
РУЗМАН

№ 48
(7483)

Газета бахъизе
байбихьана
1937 соналъул
1 декабралда
Багъа 4 гъурущ
12+

ЦІУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Районалъул цебелъей**

## Дица рецц-бакъ гъабула дуе, дир цІумазул ракь!

12 ноябралда МахІачхъалаялда Гъудуллъиялъул рукъалъул азбаралде руссунел цІумадисел рихьидал, лъилго щаклъи ккелароан гьениб цІумадисезул тадбир тІобитІулеб букІиналда.Гьел битІаралги рукІина, щайгурелъул, ракІарун рукІиндал цІумадисел церегоялдасан рихьичІел гьудул -гьалмагъзабигун дандчІвазеги, цІи-цІиял лъай-хъваял гьаризеги гьеб къоялъ гьениб тІобитІараб «Дица рецц-бакъ гьабула дуе, дир цІумазул ракь!» абураб нилъер районалъул тарихалъулгун маданияб цебелъей бихьизеги.

Гьенире рачІун рукІана мугІрузул территориалияб округалда вугев Дагъистан Республикаялъул БетІерасул вакил МухІамад Камилов, Дагъистан Республикаялъул БетІерасул гІакълучи Камил Ланда, Дагъистаналъул миллияб политикаялъул министр Татьяна Гамалей, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутатал ГІабдурахІман Камилов ва МухІамадхан ГІарацилов, Дагъистан Республикаялъул предпринимательствоялъулгун инвестициязул Агентствоялъул нухмалъулев Башир МухІамадов, Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель МухІамад АхІмадов, Дагъистаналъул художниказул Союзалъул председатель КъурбангІали МухІамадов, республикаялъул гІелмиябгун творческияб интеллигенциялъун жал кколел районцоял.

Цо-цоккун, кІи-кІиккун ракІарун, залалде руссана районцоял ва тІаде ахІарал гьалбал. Баркала, ахІи къабул гьабун, цІумадисезул рохел гІахьал гьабизе рачІарал нижер



пишацоязегун гьудул-гьалмагъзабазе.

Районалъул бахІарчияб тарихалъул бицараб цебелъеялдасан байбихьана тадбир. Чанги гІалимги хІакимги хІикмалъун хутІана районалъул тІабигІаталъул берцинлъиялдаса, кибго цІар тІибитІарал цІумадисезул гІелмиял ва диниял хІаракатчагІаздаса. Цоги жо бицинчІониги, цо тІокІлъи буго гьединал тадбиразул-цІи-цІиял лъай-хъваял, нилъер район лъай «гІадатияб, хасиятаблъун» лъугьун бугеб вагьабистазул ватІанилан гуреб, диниял хІаракатчагІазул, гІалимзабазул, академиказул, профессоразул, спортсменазул, гІаданлъи-гІадатлъи бидулъ бессарал, бихьинчилъи ва чилъи чорхолъ цІунарал цІумадисезул ракьилан.

Тадбиралъул гІахьалчагІазде ва гьалбадериде саламалъулаб кІалъайгун цебелъей рагьана районалъул бетІер АнвархІажи Вечедовас.

-Къисматалъ рахъ-рахъалде рикьарал ракьцоял дандегьарун, гьудуллъи-вацлъи щула гьаби гуребги, нилъер гьалбадерида районалъул тарихалъулгун ва гІадамазулгун лъай-хъвай гьаби ккола, тІоцебесеб иргаялда, жакъасеб мажлисалъул аслияб мурад. Гьединго гьес бицана республика ва улка бахун къватІирехун ругел районцоял-гІелмиябгун творческияб интеллигенциялъул, диниял церехъабазул ва спортсменазул. Гьелъие нугІлъи гьабулеб хІужалъун букІана гьеб къоялъ Москваялда эркенаб гугариялъул рахъалъ миллатазул Кубокалда Россиялъул командаялда гьорлъ лъабго цІумадисев гугарулев вукІин. Дагъистаналъе кидаго къадрулъунги, къуватаб гучлъунги, кунчІи цІикІкІарал тІадегІанал цІвабилъунги рукІарал цІумадисезул гІалимзабазулгун гІакъилзабазул, спортивияб щибаб цjudgeрахъиналда медалазул керенги цІун «Россия, Дагъистан, ЦІумада»,-ян байрахъал парпазабулел спортсменазул, гучал согІал къурабазул, чІвараб магІ гІадин залалда гІодоб чІараб цІумадисезул жамгІияталъулги бицараб, жиндие чІвараб хъатил гъугъаялъ залго гъугълъизабураб кІалъай гьабуна



ЦІияб Сасикь росулъа жамгІияв хІаракатчи, Дагъистаналъул мустахІикъав мугІалим АхІмад ГІамирхановас.



МугІалимасулги, эбелинсулго гІадин, къимат гьабизе, рухІиябги социалиябги цебетІей рокъобги районалдаги букІине ккани, лъималазе гъваридаб лъай кьеялде кІвар буссинабизе, лъай-гІелму цебетІураб пачалихъалда финансазулаб кинабгІаги кризисалъе бакІ букІунгутІиялъул, цІумадисел данде гьарулел тадбирал щибаб соналъул ахиралда лъагІалил хІасилалги рачун, тІоритІизе ккеялъул бицана Камил Ландаца.

-Ярагъ гьечІого хъала бахъизе ва мунго бечелъизе бокьани, даран-базаралде буссинабичІого гІарац, нужерго лъималазе лъай гъваридаб кьеялъе хІалтІизабе, анлъусго проценталъ цІикІкІун бецІун бачІуна гьеб нахъе,-ян буго жугьутІазул гІакъилаб аби. -Гьелда тІадеги абула пакъираб бугин багьадурзабазул хІакъалъулъ хьулал гьарулеб халкъ, хьул гьабизе кколин гьеб халкъалъул лъай бугел гІадамал цІикІкІиналде…

Цебегоялдаса нахъего бугеб анищ буго дир районалъул предпринимателал-меценатазул кумекалдалъун районалда лъайкьей цебетІезабизе, гьанжезаманалъул тІалабазда рекъон гъваридаб лъай кьолеб къебелъилъун нилъер район гьабизе. Гьеб гуребги, чанги бакІалда бицен ккана магІарул мацІ бици нилъер цІалдохъабазул гІезегІан цебетІураб букІиналъул, цогидазде дандеккун. Нилъер вуго академик АсхІаб АсхІабов, амма гьединал «асхІабовал» нилъер рукІине ккола бищун дагьавги щуго,-ян абун, кидаго гІадин лъайкьеялде кІвар буссинабуна политикиял гІелмабазул доктор Ланда Камилица.



Сверухълъиялдаго цІар тІибитІарав ахихъангун хурухъанги, кьоял-нухазул устарги Паранг-МухІамадие сайгъат гьабураб ва рекІелгун иццул рацІцІалъи цІуниялде киналго ахІарал, тІоцебесеб иргаялда жиндирго хъизан-рукъалде рокьи букІине ккеялъул, ватІаналде рокьиги гьелдасан бижулеблъиялъул бицарал кучІдул цІалана жиндирго цееяхъиналда шагІир Сабигат МухІамадовалъ.

ГІагараб росдадегун районалде бугеб жиндирго рокьи загьир гьабурал кучІдул цІалана Гъизилюрт шагьаралда чІарай



СалихІат ХІасановалъ.



Районалъул цебелъей

# Дица рецц-бакъ гьабула дуе, дир цIумазул ракь!

## Районалъул цебелъеялъул хIакъалъулъ жидерго пикраби загьир гьаруна данделъиялда гIахьаллъаразул цо-цояз

1 -Дагъистаналъул магIарулазда гьорлъ анлъил бутIалъун кколел цIумадисезул хIакъалъулъ гIемерал хинал рагIаби абунин, амма гьелда гIей гьабун чIезе кколарин, щивасул букIине кколин гIумрудулъ цебелъураб масъалаги гьеб тIубазабизе нигатги,-ян байбихьана Россиялъул мустахIикъав тренер, рагъулаб самбоялъул рахъалъ Дагъистаналъул командаялъул кIудияв тренер ГIабдулманап НурмухIамадовас.



Спорталъулъго гIадин, цо болъо, кьо яги спорткомплекс банги, нух яги ицц къачIанги, нахъе толел лъалкIазулъги, хасго гIагараб районалда, цIумадисел цере рукIине ккеялда хурхараб, гIагараб ракьалъе рецц-бакъ гуребги, цебетIейги букIине ккей бихьизабураб букIана ГIабдулманапил кIалъай.



ЦебетIураб район букIине ккани, экстремизмалдагун терроризмалде данде кьеркьей цадахъаб букIине ккеялъул, гьелъие щивас хIаракатги бахъизе ккеялъул, гIагараб ракь бокьизе ккеялъул, гIун бачIунеб



гIелалъул лъайги борхизабизе сахлъиги щулалъизабизе ккеялъул, букIинеселъ гIарада речIчIичIого букIине, аралде таманча къвагьизе бегьунгутIиялъул бицана жиндирго цевевахъиналда медицинаялъул гIелмабазул доктор, профессор ГIалихIажи ГIабдулаевас.

Хадуб цере рахъарал АнвархIажи Вечедовас ва Хуштада росдал администрациялъул бетIер Асадула ИсмагIиловас гIарцулаб сайгъаталдалъун кIодо гьавуна исана гIолилазда гьоркьов дунялалъул чемпионлъун вахъарав ГIабдула АхIмадов. Районалъул бетIерас баян гьабуна исана эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул чемпионлъун вахъарав МухIамадхIабиб КъадимухIамадов ва гIолилазда гьоркьов дунялалъул чемпионлъун вахъарав Шамил Мусаев кIодо гьаризе ругилан Москваялдаса руссингун (гьеб къоялъ гьел гугарулел рукIана Москваялда миллатазул Кубокалъе гIоло). АнвархIажи Вечедовас баркала загьир гьабуна ГIабдурахIман Камиловасе, АхIмад Давудовасе ва КъурбанхIажи ГIумаровасе районалда спорт цебетIезабиялъе гьабулеб кидагосеб кумекалъухъ.



Тадбиралъул ахиралда цере рахъана нилъер районалъул кочIохъаби, Гъизилюрт районалъул маданияталъул управлениялъул нухмалъулев Дагъистаналъул халкъияв артист Каримула ГIабдулаевасул музыкалияб къокъа, Республикаялъул «ВатIан» кьурдул ансамблялъул гIахьалчагIи ва Агъвали гимназиялъул цIалдохъан Фатима Дибирова.

Кидаго гIадин, тадбиралъе хасаб чIагоlъи ва берцинлъи кьуна Жамилат ТоралмухIамадовалъул нухмалъиялда гьоркь тIиндадерил фолклорияб къокъаялъул миллияб цебелъеялъ ва халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб Централъул хIалтIухъабаз Марзигат МухIамадовалъул бетIерлъиялда гьоркь гьалбадерие чай-кофе чIезабиялъул рахъалъ гьабураб хъулухъалъ.

**Хадижат Залимханова**



**Татьяна Гамалей:** -Гьадинал тадбирал тIоритIи ккола чара гьечIеб хIажалъилъун. Нусазаргоялдаса цIикIкIун чи вуго цIумадисезул росу-ракь тун, къисматалъ рикIкIаде рехун, Дагъистаналда гурелги, гьеб бахун къватIирехунги. ЦIумадисезул жамгIият цIунизе, гIагараб ракьалдаса тIечIого гьел рукIине, гIун бачIунеб гIелалда миллиял алат-тIагIалаби, гIадатал-хаслъаби, кечI-кьурди кIоченчIого рукIине кквербакъула гьадинал данделъабаз. Баркала, нужер рохел гIахьал гьабизе, дун, ТIинди росдал хIурматияй гIадан, ахIаралъухъ.



**МахIмуд-Апанди МухIамадов:** - Ахираб анцIго соналда жаниб гьадинаб чIагоlъи бугеб, зал цIун гIадамал данделъараб тадбирал гIемер рихьичIо. ЦIумадисел гъункарал, аваданал, ракIал рохарал гIадамал рукIиналда щибго щаклъи букIинчIо, диргоги эбел Кванхиса кколелъул, жакъа гьаб тадбиралъ гьеб пикру жеги щулалъизабуна. Цо гьаб тадбирги ракIалде щвезе, кIиго куплет кочIол рагIабиги абун тела.

**-Нужер гIумруялда баракат лъеги,**
**Киб хIетIе чIаниги, сапар битIаги.**
**БетIергьан Аллагьас гьабулебщинаб,**
**Гьезие бокьахъе, билълъинабеги.**
**Лъимал-хъизаназда, гIагарлъиялда**
**ЛъикIабщинаб гуреб ругьел багеги.**
**Рокъобги къватIибги икъбалалъул цIад,**
**ЦIалтун риччинегIан, тIадеги байги.**

**Иляс Хазиев:** -Щибаб соналъ данделъизе ккола цIумадисел гьадинал тадбиразда цере лъун масъалабигун, хIалтIул хIисабкьей хIисабалдагицин, букIине ккола чIахIияз гIолохъабазе нухбихьизаби ва нухмалъи. Гьадинал тадбиразда, цо-цо гIисибикьинал гIунгутIаби, гьалатIал камичIониги, лъикIаб хIасил кьола, хадубккунисеб хIалтIуе гьира базабула. Къисматалъ яшав



гьабизе ниж лъарагIлъиялде кканиги, ниж кир ругониги, кидаго хутIула цIумадиселлъун. Гьединал дандчIваяздаса рохарал гIахьалчагIазул ракIазулъ лъикIаб асарги хутIула.



**МухIамад МухIамадов:** -ГIарцудеги руссун, гIадамал цIакъ цоцадасан тIураб замана буго. Дагъалищ ругел нилъер махщел бугел, цIар арал мугIалимзаби, тохтурзаби, артистал, гIадатиял гIадамал? Замана гьадинаб бугелъул, цоцада гIадамал лъазегицин тIобитIизе ккела сонайил гьадинаб данделъи . Цо сатирияб дирго кечI цIалулеб бакIалда абулеб буго дида дунялалъулго чемпион вугила Кироваулалда чIарав силдисев, «гьитIинаб танк»илан вугила гьенив нужер цогиги спортсмен, Олимпиялъул вукIинесев чемпион. Дида гьел, кигIан нечаниги, лъалароан, амма жакъа гьаниб лъайхъвай ккана ГIабдулманапилгун, ГIабдулагун ва цогидалги цIар арал цIумадисезулгун. Гьадинал данделъабаз кквербакъула гIадамал цоцада лъазе, цолъизе, гьункизе ва гьудуллъи щулалъизе.

**МухIамадхIабиб СагIадуев:** -ЛъикIаб гIадат буго нилъер гьадинал тадбирал тIоритIи. АлхIамдулиллагь, Дагъистаналда цIумадисел лъала ва лъана гьезул хIакъалъулъ букIараб пикруялдаса



думалъго батIияб рахъалъ. Камуларо цо-цо гьалатIалги, амма гьезда берщвезабичIого тела, гьадин цIам-чедгун вачIанщинав дандеги чIван, къабул гьаридал гьаб залалда. Лъазе ккола нилъ республикаялдагун улкаялда. ГIолохъабазе лъикIаб мисал босизе нилъер рахъал гIунги тIокIал руго, мекъал пишабазде руссине гьезие регIелго букIинарин ккола дида гьадинал тадбираздасан хадуб.



**Тамара ГIабдулаева:** -Кутакалда бокьана гьаб миллияб алат-тIагIелалде квер хьвагIун течIого, умумузул гIадат-гIамал цIунун букIин дир цIумадисез. Тадбир буго гьудуллъи щулалъиялъе, нилъер район цогидаздаги лъазабиялъе чара гьечIеб данделъи. ЦIакъ бокьана гьанжего гьанже сценаялде рахун, хIалбихьулелги, махщел камилал халкъиялгун мустахIикъал артистал цо сценаялда данделъи. ЧIахъаги дир цIумадисел, чIахъаги дица кидаго рецц-бакъ гьабулеб дир цIумазул ракь!



**МаккахIажи Идрисов:** -Дида лъаларо тадбиралъул мурад щиб букIарабали, гIуцIалилаб комитеталда дун вукIинчIо, амма гьезул мурад тIубана. ЦIумадисел данделъи, гьунки буго аслияб масъала, гьеб тIубана.

Районалъул цебелъей

# Дица рецц-бакъ гьабула дуе, дир цIумазул ракь!

**Районалъул цебелъеялъул хIакъалъулъ жидерго пикраби загьир гьаруна данделъиялда гIахьаллъаразул цо-цояз**

2

Баркала районалъул нухмалъиялъе. БичIчIула кинабго финансазулаб кризисалда бан букIин, амма гьелде балагьун течIого, гьале кIиабилеб нухалъги данде гьаруна АнвархIажи Вечедовас цIумадисел. Гьелдаса кIудияб масъалагун бергьенлъиги кинабха букIинеб?



**Башир МухIамадов:** -Кидаго гIадин, гьираялда гIахьаллъана тадбиралда. Рес щибха, дунги цIумадисевлъидал. КIицIулго цIумадисев. Райцентралдаса 90 км. манзилалъ рикIкIада бугеб, чухIама хьвадизе гурони нух гьечIеб Хушети росдал жамагIаталъ кьун буго дие ракьул участок, гьениб магIишат гIуцIизе ккани, шагьранух букIине ккеларищ? Хушетисезегун ,гьудул хIисабалда, дие кьураб рагIиги ккун, ГIабдурахIман Камиловас шагьранух бахъулеб буго добе. Хадусеб гьадинаб мажлисалда хушетдерицаги гIахьаллъи гьабилин божи буго.

Гьеб гьитIинабго цеберагIи буго. ГIезегIан лъикIаб тадбир буго, цогидазги мисал босизе бегьулеб. Нилъер киназулго аслияб масъала кидаго букIана цолъи ва гъунки. ТIаде тушман кIанцIидал цолъун, хутIараб мехалъ ратIа тIун, дун чIамалав, дов багвалавилан рукIин рекъараб гьечIо гIадамазда, миллатазда. Гьеле гьеб-гIадамал данде ракIари, цIи-цIиял лъайхъваял гьари, гьудуллъи щулалъи, гIадамал гъунки, бахIарчиял умумузул тарих цIуни, миллияб тIагIине биччангутIи букIана тадбиралъул аслияб масъалаги. Гьеб тIубана. Цоги щибха хIажалъилеб? Сахлъи, хьизанрукъалъулаб талихI ва рохел дир цIумадисезе.



**АхIмад Давудов:** -Щибго щоларо гьудуллъи-вацлъиялде, цоцалъ гъункиялде. Гьеб буго жакъасеб тадбиралъул аслияб масъалаги, абизе бегьула гьеби тIубанин. Нилъги кIодо гьарун, рачIарал цогидал районазул вакилзабазгун гьудулгьалмагъзабаз кIудияб хIурмат гьабуна артистазул, тIиндадерил фольклорияб кьокьаялъул ва районцоязул, ва загьир гьабуна жидерго разилъиги. Баркала гIуцIарухъабазеги гьалбадериеги.



**СагIадула ГIусманов:** -Гьаб тадбиралда цохIо нилъер районалдаса гурелги, цогидал мухъаздаса вакилзабазул гIахьаллъиялъ бицунеб буго жидеца гIадамазул кьадру-кьиматги гьабулеб, гьудуллъи-вацлъиги бокьулеб, гIаданлъи-гIададтлъиги чорхолъ бессараб ракълилаб халкъ цIумадисел рукIин. Районалъул гьадинал тадбиразда санайил гIахьаллъизе цIакъ бокьилаан, гьелъ, кьараб зар гIадин, жеги лъикI гьункизабулеб буго районалъул жамгIият, жакъа чара гьечIого хIажатабги буго нилъее гьеб.



**ГIамирхIамза ГIамирхIамзаев:** -Араб соналъ тIобитIараб гьадинабго тадбиралда букIана СагIид МуртазагIалиевасул кIудияб сурат. Гьев вуго нилъер чIухIи. Жакъа гьеб сурат бихьичIо. Тадбир тIобитIи, ракьцоял данелъи, цоцалъ гъунки, нилъер хIурмат гьабун хIукуматалъул хIакимзабиги цогидал районаздаса гIадатиял гIадамал рачIинги буго лъикIаб иш. Амма цохIо лъикIлъабазул бицун тIубаларо нилъ, бицине ккола ругел гIунгутIабазулги. Щай цохIо МухIамад Камилов гурони, республикаялъул хIукуматалда гьоркьов гьечIел цIумадисезул гIолохъаби. ГьечIогойищха ругел нилъер лъайги бажариги бугел гIолохъаби? ГIунги тIокI руго ва, амма…

Гъунки ва цолъи-гьеле нилъее хIажатаб иш. Гьеб бугони, цодагьабги кьадру-кьиматалда рукIинаан нилъ ва нилъедехун цогидазул бербалагьиги батIияб букIинаан.



**АхIмад ГIазизов:** -МагIарулалги Дагъистанги ккураб район буго ЦIумада. Дагъистаналъул байбихьи ккола мугIрулги гIоралъаралги. Жиндир росу-ракьги бокьуларев, районги рихарав чи вукIунаро. Жидер ракьалъул кьимат гьабизе лъалел чагIи ккола цIумадисел-Дагъистанги Россияги жидеца машгьур гьабурал. Сахлъиялда яги цогидал гIиллабазда бан гьаб тадбиралде рачIине рачIине рес рекъечIезухъе, умумузухъе зияраталъе щвезеги, гьудул-гьалмагъзаби рихьизеги, ракI рагьун хабар бицинеги рес рекъелаан районалда гьадинал тадбирал тIоритIани. ГIаммаб данделъи лъугIун хадуб, жиде-жидер цIайи бугеб рахъалде ракIарун, секцияби гIуцIун, рес кьезеги бегьула гIолилазе чIахIияб гIелалъулгун битIахъегояб гарачIвари гIуцIизе.

Баркала «ЦIумадисезул гьаракьалъул» коллективалъе районалъул гIумру-яшав, рукIа-рахьин район тун кьватIире ругезеги цIализе рес кьолеб. ТIегьайги дир гIагараб ракь, чIахьаги цIумадисел!



**Баху МухIидинова:** -Баркала ахIаралъухъ, ячIинчIого рес букIун гьечIо. Йохана, чIухIана жидерго районги районцоялги кIодо гьарун, тIобитIараб тадбиралда гIахьаллъизе рес щвеялъухъ. ЦохIо гьадав Ланда Камилил кIалъай рагIизе ячIунги лъикI ккана. Божула, досул рагIухъги гIенеккун, районалдаса рахъ-рахъалде рикьун ругел цIумадисел-меценатазул кумекалдалъун, мугIалимзабазе мустахIикъал харжал кьезе хIукуматалъул рес рекъезегIанниги, нужер районалдагIаги лъайкьеялде, хасго авар мацIалде, кьолеб кIварги цIикIкIинин, дос абухъе, цогидазе мисалалъе лъайкьеялъулаб базаги ЦIумада букIинин.



**АсхIаб ГIабдуразакъов:** -ЧIамалалгун багвалал, хьваргьалгун дидоял ракIарараб, гIемер соназ цоцада рихьичIел рихьараб, цIумадисез иргадулаб нухалъги жидерго цолъи-гъунки бихьизабураб лъикIаб тадбир ккана гьаб нухалъги. Жеги лъикI букIина жакъа гьанир рачIаралщинал гIалимзабиги, гIелмиял хIалтIухъабиги ва цогидалги махщалилал кьокьаби магIарухъе рачIани жамагIаталгун дандчIвазе ва гьезие малъа-хъваял гьаризе.

ГIезегIан лъикI ккана экологияб конференция районалда тIобитIиги, мугIалимзабазда ва цIалдохъабазда лъана чанги цIилъаби. Гьалбадерида гьадинал видеороликаздаса гуреб, жалго нугIзаллъун ккун, бихьила нилъер районалъул тIабигIияб бечелъиги халкъалъул гIададтлъиги. Цоги нухалъ жалго рачIине бокьи загьир гьабила гьез. Кварталалда жаниб цо нухалъниги гьединал тадбирал тIоритIани, лъикIаб кьимат кьела гьелъ районалъе.

ДагьалищхIа нилъер ругел профессоралги гIелмиял хIалтIухъабиги?! Щибаб росулъ руго рес-махIалала ругел чагIи. Гьимерсо Къурбанх1ажица, районалда ГIабдурахIманицагун АхIмадица гIадинан, объектал разе рес гьезул буго. Гьеб букIина гьез халкъалъе нахъе тараб лъикIаб лъалкI. Вохарав ва чIухIарав вуго жакъасеб тадбиралда районалъул патриоталгун дандчIвазе рес щвеялдаса. Баркала гIуцIарухъабазе. ЦIер кьватIун буго, хIалтIи жеги цебехун ина ва нилъ, кидаго гIадин, мисалиязул кьерда рукIина.

**Хадижат Залимханова**

Халкъалъул парахалъи цIунулезул байрам

# Агъвалиб кIодо гьабуна полициялъул хIалтIухъанасул къо




10 ноябралда Агъвалиб маданиялъул кIалгIаялда кIодо гьабуна Россиялъул жанисел ишазул хIалтIухъанасул къо.

Кьокъабго кIалъаялдалъун данделъи рагьана ва бачана районалъул бетIерасул ишал тIуралев МухIамадрасул Гагиевас.

-Жакъа жанисел ишазул хIалтIухъанасул къо кIодо гьабулаго бокьун буго жанисел ишазул хIалтIухъабазда ва ветераназда баркизе нужер профессионалияб байрам ва баркала кьезе нужер бацIцIадаб, камилаб ва ритIухъаб ВатIаналъе гьабулеб хъулухъалъухъ»,-ян абуна районалъул бетIерасул ишал тIуралес. Гьесул кIалъаялдаса хадуб хъулухъалъулал тIадал ишал тIуразарулаго гIумруялдаса ратIалъарал полициялъулал ракIалде щвезаруна.

Жанисел ишазул хIалтIухъабазде ва ветераназде баркиялъулаб кIалъайгун цеве вахъана районалда бугеб МВДялъул отделалъул начальник Элдар МухIамадов ва кьокъго бицана жанисел ишазул хIалтIухъабаз районалда парахалъи ва гIадлу-низам цIуниялда сверухъ къадги къасиги свак лъачIого хIалтIулеб полициялъул хIалтIул хIакъалъулъ.

Полициялъулазда байрам баркун кIалъазе рахъана заманалъ районалда бугеб Липецк областалъул жанисел ишазул Управлениялъул хIалтIухъабазул кьокъаялъул начальник Константин Кремнев, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумаров.

Полициялъул ветераназул рахъалъан кIалъазе вахъарав Иманшапи МухIамадовас абуна полициялъул хIалтIухъаби кколин жидерго ишазул махщалилал гурелги, пагьмугьнар бугел, батIи-батIиял рахъалъ церетIурал чагIи. Гьез полициялъул ветераназ байбихьарал лъикIал ишал чIезе течIого цере рачунел ругилан.

Баркиялъулал кIалъаязда киназго гьарулеб букIана полициялъулазе сахлъи, рохел, хьизаналъулаб талихI, хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

Данделъиялъиялда к1одо гьаруна хьулухъалъулал ишал тIураялъулъ тIокIлъи бихьизабурал полициялъулал.

Данделъиялъул ахиралда полициялъулазе сайигъат хIисабалда районалъул маданиялъул Управлениялъул хIалтIухъабаз бихьизабуна лъикIаб концерталъулаб программа.

**ГIубайдула Малачдибиров**

«Редакция газеты «ЦӀумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетӀерав редактор Малачдибиров ГӀубайдула СагӀадулаевич

Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухӀамадовна

ТЕЛЕФОНАЛ: Редакторасул 2-52-44 Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦӀумада район, Агъвали росу.

«ЦӀУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гӀуцӀараб: «Цӏумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватӀибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахӀачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хӀужабазул, цӀаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагӀалие - 51377 лъагӀалие - 63302 Тираж -2310 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватӀибе биччазе гьулбасизе ккolaан 17 с. 00 мин. ХӀакъикъаталда гьулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электроннияб адрес: Golostsumady@mail.ru

# МугӀалималъул юбилей



Немцазул политик, мугӀалим Адольф Дистервегица абун буго школалда цӀалдохъанасе аслияб лъугьа-бахъинлъунги, чӀагояб мисаллъунги кколин живго мугӀалимилан.

Гьединайлъун ккола кӀикъоялда щугоялдасаги цӀикӀкӀун соназ Агъвали школалда биологиялъул мугӀалимлъун хӀалтӀулей Кантат Халимбековна Казбекова.

Гьелъул дарсазде цӀалдохъаби гъираялда уна, гьел рукӀуна маргьуялъул дуняллъун: биологиялъул кабинет буго сверухъ балагьани, бер биххулеб, хӀетӀе чӀвазе бакӀ гьечӀедухъ, занкӀун цӀун гъветӀ-хъарахъалъул, рухӀчӀаголъабазул бицараб берзулаб пособиялъгун батӀи-батӀиял тӀугьдуз. Чан батӀияб хӀалбихьи цӀалдохъабаз гьабулеб дарсазда рухӀчӀаголъабазул дунялалде галаби чӀвалаго.

Бигьаяб иш гуро мугӀалимлъи. ГӀемераб сабру гьабизе, щивасул рекӀелъе нух батизе кколеб, дарс кьеялдасанги, цӀалдохъанасул насихӀатчилъун вукӀин цебеккезабизе кколеб, цебетӀураб улкаялъул гӀакъилаб жамгӀият букӀиналъе чара гьечӀого хӀажатаб махщел буго.

Гьединайлъун хутӀана диеги, дун гӀадинал аза-азар цӀалдохъабазеги Кантат Халимбековна.

Гьелъул рукӀарал ва жакъаги ругел рикӀкӀен гӀемерал цӀалдохъабазул рахъалъан бокьун буго жакъа гӀумрудул юбилейги баркулаго, гьаризе МугӀалималъе щулияб сахлъи, халатаб, талихӀаб, хъизан-лъималаздаса йохараб гӀумру, пагьму-лъай бугел цӀалдохъаби цӀикӀкӀин, хӀалтӀулъ жеги чӀахӀиял бергьенлъаби.

Гьединай, районалъул тарихалъул тӀехьалде йосизе мустахӀикъай гӀаданлъун йихьула дида гӀумрудул къисмат нилъер ракьцояв, гӀемерал соназ районалъул больницаялъе нухмалъи гьабурав АхӀмад МухӀамадовгун батарай лъарагӀ миллаталъул яс, цӀумадисезул нус, Дагъистаналъул мустахӀикъай учительницажиндирго ишалъул устар Кантат Казбекова.

**Хадижат Залимханова**

# Математическая олимпиада «Пифагор»



Факультет математики, физики и информатики Дагестанского государственного университета совместно с Московским центром непрерывного математического образования и Управлением образования г. Махачкалы 21 октября провели пятую открытую олимпиаду «Пифагор» по математике среди учащихся 9 классов.

Олимпиада проводилась с целью профессиональной ориентации, раннего выявления, развития и поддержки математически одарённых школьников, организации с ними целенаправленной работы на факультете математики, физики и информатики ДГПУ, в школах и ЦДОШ «Надежда».

В олимпиаде приняли участие более 250 учащихся республики.

Ученица 9-го класса Агвалинской гимназии имени Кади Абакарова Билалова Фатима заняла 3-е место и была награждена дипломом третьей степени.

**Патимат Муртазалиева,** методист управления образования

**С п о р т**

## Кубок босаразда гьоркьор нилъерал

11-12 ноябралда Москваялда тӀобитӀана эркенаб гугариялъул рахъалъ миллатазул Кубок. Россиялъул тӀасабищараб командаялда гъорлъ гӀахьаллъи гьабуна нилъер районалъул лъабго гугарухъанас: ХӀасанхӀусен Бадрудиновас (57 кг.), МухӀамадхӀабиб КъадимухӀамадовас (74 кг.) ва Шамил Мусаевас (97 кг.).

ТӀоцебесеб раундалда Россиялъул тӀасабищараб команда дандчӀвана гуржиялгун ва бергьана 7:1 хӀисабгун. Гьениб ХӀасанхӀусен бергьана 7:2 хӀисабгун, гьединго Шамил бергьана 8:0 хӀисабгун.




КӀиабилеб раундалда Россиялъул гугарухъаби дандчӀвана Молдавиялъул командагун ва нилъерал бергьана 8:0 хӀисабгун. Бадрудинов бергьана дандиясухъан 11:1 хӀисабгун, КъадимухӀамадов - 13:2 хӀисабгун.

Ахираб лъабабилеб раундалда нилъерал дандчӀвана Азербайжаналъул командагун ва бергьана 5:3 хӀисабгун. Бадрудинов 2:4 хӀисабгун ва Мусаев 1:6 къана, амма КъадимухӀамадовас ракӀчӀараб бергьенлъи босана 7:1 хӀисабгун.

ГӀаммаб хӀисабалда Россиялъул тӀасабищараб командаялъе щвана миллатазул Кубокалда тӀоцебесеб бакӀ.

Баркула нилъер районалъул лъабавго гугарухъанасда бергьенлъи, гьарула сахлъи, талихӀ, икъбал ва хадубккунги чӀахӀиял бергьенлъаби.

**МухӀамад Къасумилав**

## Правовое положение военнослужащих по призыву

Законом статус военнослужащих определяется как «совокупность прав, свобод, обязанностей и ответственности военнослужащих, установленных законодательством и гарантированных государством».

При реализации права на свободу слова, выражение своих мнений и убеждений, доступ к получению и распространению информации военнослужащие не должны разглашать государственную и военную тайну, обсуждать и критиковать приказы командиров (начальников). Они вправе участвовать в митингах, собраниях, уличных шествиях, демонстрациях, пикетировании, не преследующих политических целей и не запрещенных органами государственной власти и органами местного самоуправления, и только не в служебное время.

Военнослужащие имеют право на участие в управлении делами общества и государства. В частности, избирать и быть избранными в органы государственной власти и органы местного самоуправления. Они могут состоять в общественных объединениях, не преследующих политических целей, и участвовать в их деятельности, не находясь при исполнении обязанностей военной службы. А также в свободное от службы время они вправе участвовать в богослужениях и религиозных церемониях.

Помимо гражданских прав и свобод военнослужащие имеют право, обусловленные военной службой. К числу таких относится право на государственное материальное обеспечение в период состояния на военной службе. В связи с выполнением воинских обязанностей военнослужащие имеют право на льготы. Граждане, уволенные с военной службы, пользуются преимущественным правом поступления в государственные образовательные учреждения профессионального образования.

Законом «О статусе военнослужащих» для граждан, находящихся на военной службе и призванных на военные сборы, предусмотрены страховые гарантии и право на возмещение ущерба. Эти лица подлежат обязательному государственному личному страхованию на случай гибели (смерти) или увечья (ранения, травмы, контузии), заболевания, полученных в период прохождения ими военной службы (военных сборов).

**Хабиб Хабибов,** военный комиссар района

**Вегизе хьибил лъедал шагьадат камил гьабе,**
**Шугьадаазул рухӀгун рухӀ ГӀаршалде боржине.**
**Гьигьалъа ХӀусейнияв МухӀамад**